

Ti teyat : “Pa mòde dwèt ki ba ou manje”!?

Nèf mwa aprè tranbleman de tè a. Garline ap chita anndan yon ti tant. L ap seche papyè empòtan li yo. Yè yon moun te vole tout kòb li a, paske anndan yon tant ou pa ka sere anyen. Tant la tèlman piti ou menm pa ka kanpe anndan l. L ap chante e l ap kriye :”M pa kapab ankò vinn pòte m sekou Granmèt!”

Yon mesye aproche l:

- Mesye X – Comment ça va, cheri?
- Garline – M pa pi mal non..
- Mesye X – Bonjour. Mwen se yon manm staf yon ONG entènasyonal e m vini pou rann ou yon bèl sèvis. M gen yon kay pou m ofri ou. Sèl sa m bezwen se ekstrè achiv ou e ou sèlman bezwen peye 500 dola. Se preske gratis. Imajin w, pròp kay paw la.
- Garline – Eske se reyèlman vrè? Ou gen yon kay pou mwen? Men... m pa gen 500 dola. Yè yo te vole tout sa m te genyen. Nan vye tant sa yo ou pa sere pyès bagay (fache).
- Mesye X - Oo, ou di “vye tant”, **Ou kouche sou po bèf la, w ap p, ale l mal**, cheri. Se òganizasyon pa m ki te ba ou tant sa a. Kote ou jwenn kouraj pou ou pòte plent. Si ou pa te gen tant sa a, bagay yo ta pi mal pou ou toujou. Ou pa wont? Alò, si m byen konprann bèl ti fi sa a, pa gen kòb pou peye kay la. Sa se yon gran problem men pètèt nou ka aranje kichoy . Ou vrèman anfòm e mwen menm m se yon bon moun. (mande favè seksyèl)
- Garline – (L ap eseye chanje sijè a, paske li pa renmen sa mesye a fè menm menm) Ou preske pa ka li ankò sa ki ekri nan ekstrè achiv mwen an. Se konsa li vinn ye aprè 7 mwa nan yonabri yo te ba mwen pou yon ti bout tan.
- Mesye X - Oh. Sa se yon gran problem. Ou pa gen papyè, ou pa gen kòb e ou menm pa vle chèke avèk m (referans seksyèl). Sanble m pito ale ofri yon lòt fi, moun ap batay pou yon ti kay. M ap pèdi tan m avèk ou la.
- Garline - No, mesye! Tanpri souple pa ale!

Yon pèsonaj ki rete nan vwazinaj te tande tout sa yo te di e li antre:

- Vwazin (adrese Garline) - **Pa okipe nèg sa, li gen twou nan manch.**
- Vwazin (adrese Mesye X) - Bonjour, mesye, eske ou ka di mwen kiyès ou ye jis? Pou ki òganizasyon w ap travay? Eske ou gen badj? Ou pa gen non? Yè òganizasyon GOODFORYOU te vini e yo te ba nou brochi sa yo. Nan brochi a ou ka wè klè ki kritè y ap itilize pou ba nou yon kay gratis. Alò poukisa w ap mande li kòb e menm lòt bagay?
- Mesye X - Mezzanmi **Rann sèvis bay chagrin**, si se konsa ou akeyi èd mwen isit la, m pito ale. (Mesye X prale).

Vwazin nan pale avèk Garline:

- Vwazin - “Garline, cheri, pa okipe l, non, tande? Se pa vrè sa l ap di a. Se pa toujou vrè lè moun yo di: **Pa mòde dwèt ki ba ou manje.** Nou, kom viktim tranbleman de tè a, nou gen dwa. Nou gen dwa pou nou byen enfòmè, nou gen dwa bay opinyon nou e nou gen dwa pòte plent. Ba m montre ou brochi sa a GOODFORYOU te ba m yè nan yon reyinyon fokisgwoup yo te òganize pou medianm yo. Isit la li ekri trè klè: tout fanmi ki te anregistre twa mwa pase e ki toujou rete nan kan an ap jwenn yon ti kay gratis. Yo te anregistre non ou tou?”
- Garline – Wi, wi, yo te anregistre non m.
- Vwazin – Gade, cheri, yo te menm mete yon ti foto ki montre kijan kay yo ap ye. Yo te di nou nou gen dwa pòte plent, si yon moun nan staf pa yo pa respekte règ yo. Ou ta dwe pòte plent pou mesye sa a, wi. Li te mande kòb e menm pou chèke avèk ou...
- Garline - Wi, m ap fè sa!! Grann mwen te toujou di: **Si pa gen sitirè pa ka gen volè.**

Kesyon pou diskite:

1. Kisa ki te kapab fèt si vwazin nan pa te parèt?
2. Eske konpòtman Mesye X la se responsablite ONG li a oubyen pa li a? Poukisa? (*kesyon opsyonel*)
3. Kisa ONG a ta kapab fè pou evite sa a?
4. “Pa mòde dwèt ki ba ou manje”. Nan eksperyans paw la, eske ou ka ba nou ekzanp kote benefisyè yo pa te satisfè avèk kalite èd yo te jwenn oubyen avèk fason yo te ofri èd la?